



# FASON POU REPONN NAN IJANS

YON GID POU ÒGANIZASYON YO AK BIZNIS YO



## Pandan yon ijans, resous gouvènman an ka limite anpil, sa k ap lakòz mankman nan sèvis yo. Anplwaye yo, kliyan yo ak manm kominote a ka ale nan òganizasyon lokal yo pou yo jwenn sipò.

Lè ou se yon patnè kominote a, ou byen konprann risk, bezwen ak mwayen kominote a, epitou ou deja satisfè bezwen kominote ou sou yon baz chak jou. Pi kapab itilize konesans sa a ak relasyon ou avèk manm ak patnè kominote a pou ede kenbe kominote ou pwoteje ak an sante.

Kit sa a bay kèk gid enpòtan sou fason pou ede kominote ou prepare ak reponn pou yon ijans. Premye seksyon an ba ou kèk ti konsèy sou fason pou **prepare** bilding ou ak kominote ou pou ijans yo. Dezyèm seksyon an prezante gid jeneral pou ede ou, ekip ou ak kominote ou **toujou chèche enfòmasyon**. Twazyèm seksyon an bay gid ki espesyal pou evènman pou ede ou ak manm

kominote ou **rete pwoteje ak an sante** pandan yon ijans epi pou reprann aktivite ou rapid.

Itilize enfòmasyon sa yo pou kreye oswa modifiye yon plan pou ijans epi kòm yon manyèl referans rapid sizoka gen yon ijans. Divilge ti konsèy ki nan gid sa a ba anplwaye ak kliyan ou yo pandan antrènman pou ijans.

Dokiman pou moun ak fanmi yo bay gid rapid ki espesyal pou evènman sou fason pou rete pwoteje. Si li posib, fè fotokopi dokiman yo epi distribye yo ba ekip la, kliyan yo ak moun ki nan kominote ou. Pou jwenn dokiman sa yo nan lòt lang, ale sou sitwèb [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche “Responding to Emergencies” (fason pou reponn pou ijans).

Si ou gen nenpòt kesyon oswa si ou ta renmen diskite sou sa pidevan, kontakte Health Department’s Office of Emergency Preparedness and Response (Biwo Preparasyon ak Repons Depatman Sante) sou sitwèb [emergencyprep@health.nyc.gov](mailto:emergencyprep@health.nyc.gov)

## PREPARE OU

---

- Kreye yon plan kontinwite pou biznis lan ki prezante sa ki nesèsè pou operasyon enpòtan yo pou kontinye pandan yon ijans. Sonje pou mete sèvis enpòtan yo, nivo sèvis minimòm ki akseptab yo, bezwen resous/rezèv, angajman pou lòt enstitisyon/kliyan yo, kontra/akò avèk patnè yo ak yon plan kominikasyon ak anbochaj (ansanm avèk enfòmasyon pou kontakte anplwaye/kliyan ak anplwaye/wòl enpòtan yo). Ale sou sitwèb <http://www.fema.gov> epi chèche “continuity plan template” (modèl plan kontinwite) pou jwenn plis enfòmasyon.
- Òganize aktivite ak egzèsis antrènman, epi fè anplwaye ak kliyan ou yo sonje sa yo kapab fè pou yo prepare pou yon ijans, tankou kreyasyon yon plan ijans pou fanmi epi prepare yon “Valiz Deplasman” avèk dokiman enpòtan, dokiman idantifikasyon, dlo nan boutèy, manje ki p ap gate, yon twous premye swen, epi yon flach ak radyo ki jwe avèk pil. Ale sou sitwèb <http://www.nyc.gov> epi chèche “Go Bag” (Valiz Deplasman) pou jwenn plis enfòmasyon.

- Idantifye kliyan ak manm kominote a ki defavorab yo epi kreye metòd pou kontakte yo pandan yon ijans.
- Detèmine ki resous ou kapab bay kominote ou pandan yon ijans (tankou kouran, aksè nan telefòn, aksè nan entènèt, abri, chofaj oswa è-kondisyone) epi divilge enfòmasyon sa yo ba manm ak patnè kominote a.
- Devlope epi ranfòse patenarya avèk lòt òganizasyon kominotè yo ak biznis yo, tankou gwoup sosyal yo, gwoup sèvis kominotè yo, gwoup relijye yo ak sant edikasyonèl yo. Sa ap ede ou amelyore kowòdinasyon an avan, pandan ak apre yon ijans.
- Travay avèk òganizasyon patnè yo pou konprann kijan resous ou yo kapab ajoute sou resous lòt yo pandan yon ijans pou kenbe kominote ou pwoteje ak an sante.
- Kreye yon ekip jesyon ijans andedan òganizasyon ou.
- Divilge plan ijans ou ba patnè kominote ou.
- Deziyen aktivite jesyon ijans lan pou pwen fò òganizasyon ou.
- Enskri pou Advanced Warning System (Sistèm Avètisman Avanse, AWS), sistèm avi pou ijans ki la pou òganizasyon founisè sèvis yo nan Vil New York. AWS simaye mesaj pou ijans, ki itil, epi ki souvan enpòtan pou òganizasyon k ap sèvi moun andikape ak lòt moun ki gen bezwen pou aksè ak bezwen fonksyonèl. Ale sou sitwèb <https://advancewarningsystemnyc.org> pou enskri.
- Enskri pou Notify NYC pou jwenn enfòmasyon sou evènman ijans yo. Ankouraje ekip la, kliyan yo ak patnè yo pou yo fè menm bagay la. Ale sou sitwèb <http://www.nyc.gov> and search “Notify NYC” pou enskri.
- Ale sou sitwèb <http://www.nyc.gov> ak <http://www.nyc.gov/oem> pou jwenn lòt resous preparasyon ak lòt enfòmasyon.

## TOUJOU CHÈCHE ENFÒMASYON

---

### *Sizoka gen yon ijans:*

- Chèche jwenn enfòmasyon sou sante nan sous ou fè konfyans (tankou [nyc.gov](http://nyc.gov), [cdc.gov](http://cdc.gov) ak 311).
- Si ou genyen, koute radyo, gade televizyon, itilize òdinatè oswa aparèy mobil pou jwenn enfòmasyon ofisyèl yo ap bay sou fason pou rete pwoteje. Divilge enfòmasyon sa yo ba anplwaye ou yo ak kliyan ou yo.
- Fè kopi dokiman “Individuals & Families” (Moun yo ak Fanmi yo) ekivalan epi distribiye yo ba anplwaye yo ak manm kominote a.
- Si ou se yon founisè sèvis, kontakte kliyan ki defavorab yo bonè epi souvan asire yo rete pwoteje ak swiv enstwiksyon otorite yo bay.
- Sonje kominikasyon avèk moun pa ou yo enpòtan anpil nan yon ijans. Si ou bay kouran pou rechaje telefòn, epi si ou bay aksè nan telefòn, nan telefòn selilè, nan entènèt, nan Wi-Fi, nan radyo oswa nan televizyon pou moun ki bezwen li sa ap ede soulaje gwo-gwo enkyetid moun yo genyen.

# RETE PWOTEJE EPI AN SANTE

---



## EPIDEMI INFLUENZA

Yon epidemi influenza se yon deklanchman jeneral maladi grip la. Kèk nan sentòm influenza se lafyèv ak tous. Kèk nan sentòm grav yo se twoub respirasyon oswa souf kout, doulè oswa presyon nan pwatrin oswa lestomak, koulè po kò a ki sanble ble, vètij oswa konfizyon, kèplen oswa vomisman, oswa ogmantasyon lafyèv.

- Ankouraje vaksinasyon (lè li disponib).
- Ankouraje moun lave men yo souvan.
- Mete dezenfektan pou men ak klinèks toutotou bilding ou.
- Afiche konsèy pou sante nan espas komen yo.
- Pou kapab limite influenza k ap simaye, ankouraje manm ekip la ki malad pou yo rete lakay yo jouk 24 èdtan apre sentòm yo ale. Anvizaje ofri jou konje peye oswa chwa pou moun yo travay lakay yo.



## KONDISYON METEWOLOJIK EKSTRÈM

### Gwo-Gwo Chalè

Yon ijans chalè deklanche lè endis chalè a, yon mezi ki melanje tanperati ak imidite, depase 100°F pou yon jou oswa lè li depase 95°F pou de (2) jou oswa plis. Men, kapab gen moun ki malad ak moun ki mouri akòz tanperati ki pi ba tou.

- Bay è-kondisyone pandan lè travay la. Regle tèmosta ou a 78°F pou rete fre epitou pou konsève enèji.
- Si li posib, ofri bilding ou kòm yon kote pou piblik la refwadi.

#### ***Pou travayè deyò yo:***

- Bay fòmasyon sou pratik travay ki pwoteje pandan tan cho ak fòmasyon sou fason pou rekonèt maladi ki asosye avèk chalè.
- Limite travay deyò a si li posib.
- Ankouraje travayè yo pou yo itilize filtè solèy ki gen SPF 15 oswa pi plis.

- Bay dlo potab pou yo bwè. Fè travayè yo sonje pou yo bwè dlo potab souvan (chak 15 minit, oswa apeprè kat tas dlo pa èdtan).
- Fè travayè yo sonje pou yo pran repo souvan nan kote ki gen lonbraj oswa è-kondisyone.
- Ale sou sitwèb Occupational Safety & Health Administration (Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay) nan <https://www.osha.gov/SLTC/heatillness> pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou pwoteje anplwaye ki travay deyò pandan tan cho a.

## Tan Frèt

Tanpèt livè yo ka vini avèk tanperati ki ba yon fason danjere, anpil nèt k ap tonbe, van ki fò, glas, nèt ki fonn ak lapli glas. Tanperati ba yo kapab lakòz pwoblèm sante tankou jeli ak ipotèmi.

- Chofe bilding ou san pwoblèm. Konekte aparèy chofaj pòtatif yo dirèkteman nan miray la epi pa janm kite yo san pa gen moun k ap siveye yo, sitou kote ki gen timoun.
- Ankouraje vwayaj deyò san danje, tankou pou moun yo evite vwayaj pandan gen anpil nèt k ap tonbe oswa k ap vole.

### *Pou travayè deyò yo:*

- Bay fòmasyon sou pratik travay ki pwoteje pandan tan frèt la ak fòmasyon sou fason pou rekonèt maladi ki asosye avèk fredri a.
- Limite travay deyò a si li posib.
- Ankouraje travayè yo pou yo abite kòrèkteman pou fredri a, tankou pou yo mete chapo, gan, ak anpil kouch rad sèk.
- Ale sou sitwèb Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay nan [https://www.osha.gov/dts/weather/winter\\_weather](https://www.osha.gov/dts/weather/winter_weather) pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou pwoteje anplwaye ki travay deyò pandan tan frèt la.

## Tanpèt Lakòt

Tanpèt sou lakòt, ki gen ladan tanpèt Nòdès, tanpèt twopikal ak siklòn, kapab lakòz inondasyon grav, van ki fò anpil, gwo lapli ak onn tanpèt. Gwo van ak dlo ki monte kapab kreye danje tankou pyebwa k ap tonbe, liy kouran ki nan dlo, debri k ap vole, epi pa gen chofaj, pa gen dlo ak blakawout.

- Revize plan pou deplase vit nan bilding ou avèk ekip la. Si ou se yon lokatè ki nan bilding nan, kowòdone plan yo pou deplase vit avèk manadjè bilding ou.

- Konnen zòn ou. Si ou nan yon zòn pou deplase vit, prepare ou pou swiv tout enstwiksyon Ofisyèl Minisipalite Vil la ap bay pou deplase vit oswa pou pranabri anplas. Ale sou sitwèb [nyc.gov](http://www.nyc.gov) epi chèche “Evacuation Zones” (Zòn pou Deplase Vit) pou jwenn nan ki zòn ou ye.
- Ankouraje anplwaye yo pou yo mete “Valiz Deplasman” yo prè. Ale sou sitwèb <http://www.nyc.gov> epi chèche “Go Bag” (Valiz Deplasman) pou jwenn plis enfòmasyon.
- Ofri ekip ou chwa pou yo travay lakay yo si li posib.
- Ale sou sitwèb Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay nan <https://www.osha.gov/dts/weather/hurricane/response.html> pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou pwoteje anplwaye ki konsène nan repons pou tanpèt lakòt ak travay rekiperasyon.

## Tranblemanntè ak Sekous

Yon tranblemanntè se yon sekous Latè ki fèt toudenkou ak rapid akòz wòch ki anba sifas Latè ki kase epi k ap deplase san rete. Tranblemanntè yo frape toudenkou, san avètisman, epi yo kapab fèt nenpòt lè lajounen tankou lannwit, ak nenpòt sezon nan ane a. Apre tranblemanntè yo, ka gen “sekous”, ki se pi piti tranblemanntè oswa sekous sismik ki kapab fèt nan kèk minit, kèk jou, kèk semèn epi menm kèk mwa apre.

- Chèche si gen domaj nan ak toutotou bilding ou si pa gen pwoblèm pou fè sa. Tcheke kondisyon danjere tankou liy kouran ki tonbe, domaj nan fondasyon, vè ki kraze ak fuit gaz. Mande tout moun pou yo soti deyò si kondisyon yo danjere.
- Fè anplwaye yo ak kliyan yo konnen ap gen replik epi pou yo prepare yo pou replik yo. Fè anplwaye yo sonje pou yo bese sou men ak jenou yo, pou yo pranabri anba yon oswa biwo solid epi pou yo apiye lè yo santi yon tranblemanntè oswa yon replik.
- Si ou bezwen deplase vit, itilize eskalye alapas asansè sizoka gen replik, blakawout oswa lòt domaj.
- Ede anplwaye oswa kliyan ki ka bezwen èd espesyal tankou timoun, granmoun aje, oswa moun ki gen mobilite limite.
- Pran prekosyon ou avèk danje ki asosye avèk tranblemanntè tankou:
  - Sistèm dlo ki kase epi ki ka inonde zòn sousòl yo
  - Ekspozisyon nan bakteri ki soti nan sistèm egou ki kase
  - Lafimen ak pousyè lè pote (amyant, silis, elatriye)
  - Fuit gaz
  - Ekspozisyon nan bakteri oswa viris avèk inondasyon



## BLAKAWOUT

Domaj tanpèt, inondasyon ak gwo van oswa ensidan yo pa ka prevwa tankou efondreman yon bilding oswa yon eksplozyon kapab lakòz pa gen kouran oswa blakawout. Yo kapab rive pandan tan cho lè itilizasyon kouran elektrik la rive nan nivo siperyè li. Anpil sèvis, tankou sèvis transpò ak sèvis swen sante, kapab lakòz deranjman pandan lè pa gen kouran elektrik.

- Konsève rezèv pou ijans tankou flach, radyo ki jwe avèk pil, ak yon rezèv pil anplas.
- Asire anplwaye yo ak kliyan yo evite eskalye ki gen fènwa yo pandan yon pàn kouran epitou asire yo itilize flach si li nesèsè.



## EKSPLOZYON

Eksplozyon yo ka lakòz chòk nan deflagrasyon, dife, lè kontamine oswa debri k ap tonbe (tankou objè file ak vit). Yo ka lakòz pwoblèm sante tou tankou souf kout oswa iritasyon poumon, nen, bouch, gòj, zye oswa po.

- Ofri bilding ou kòm yonabri si li posib. Si gen domaj nan miray oswa fenèt, ale nan yon chanm andedan oswa jwenn yon lòt bilding.
- Desann vit yo, pòt deyò yo ak lòt ouvèti yo, epi etenn vantilatè yo ak sistèm chofaj/refwadisman ki pote lè ki soti deyò a.



## IJANS RADYOLOJIK AK IJANS NIKLEYÈ

Zam nikleyè, eksploziv ki melanje avèk materyèl radyo-aktif (“bonm sal”), aksidan santral enèji nikleyè, aksidan nan transpò ki gen pou wè ak materyèl radyo-aktif oswa aksidan nan travay kapab lakòz ijans radyolojik. Nan kantite ki wo ase, radyasyon kapab lakòz brili sou po, maladi radyasyon ak yon pi gwo risk pou gen kansè.

- Asire anplwaye yo ak kliyan yo antre ak rete andedan. Si gen domaj nan yon miray oswa nan yon fenèt, ale nan yon chanm andedan oswa jwenn yon lòt bilding.
- Desann vit yo epi fèmen fenèt yo, pòt deyò yo ak lòt ouvèti yo.
- Sizoka gen yon eksplozyon zam nikleyè, ale nan mitan bilding nan, lwen avèk twati ak fenèt yo otank posib. Li pi bon pou ale nan sousòl la.
- Bayabri pou anplwaye yo, kliyan yo ak piblik la. Si ou bayabri pou yon moun ki te deyò pandan yon ijans radyasyon sa kapab sove lavi li san ou pa menase lavi pa ou.

- Mande moun yo pou yo retire soulye yo ak kouch rad deyò ki sou yo, epi pou yo mete soulye ak rad yo nan sache oswa bwat ki kapab fèmen. Minisipalite Vil la ap bay enstwiksyon sou fason pou elimine yo.
- Si li posib, kite moun yo benyen nan douch avèk savon ak dlo depi anlè pou rive anba kò yo. Si pa gen douch ki disponib, kite yo lave men yo, figi yo ak pati ekspozè kò yo nan yon evye, oswa kite yo siye kò yo avèk yon twal mouye.
- Bay twal ki pwòp si li posib. Sa ap ede limite jan yo ekspozè nan radyasyon an.
- Bay manje, dlo ak lòt sèvis debaz si li posib. Pa gen pwoblèm pou itilize nenpòt manje ki anbale oswa ki nan yon frizè, frijidè oswa gadmanje. Si ou pa byen konnen, rense anbalaj la anvan ou louvri li.



## MALADI CHABON PILMONÈ

Chabon pilmonè se yon maladi moun pran lè yo respire ti grenn chabon. Premye sentòm yo ka gen ladan lafyèv, frison, transpirasyon, fatig, maltèt, tous, kèplen, vomisman oswa doulè miskilè. Lè maladi a ap pwogrese, sentòm yo ap vin pi grav epi anjeneral kèk ladan yo se souf kout, difikilte pou respire, malèz nan pwatrin, konfizyon oswa vètij. **Yon lòt moun pa kapab transmèt maladi chabon pilmonè ba ou.**

**Yo jwenn bakteri chabon (ki rele *Bacillus anthracis*) nan lanati, men li kapab grandi nan yon laboratwa epitou yo kapab degaje li nan lè toutespre. Depi ane 90 yo, Depatman Sante Vil New York (New York City Health Department) t ap travay avèk lòt ajans Vil la, ajans Leta ak ajans federal yo pou planifye ak prepare pou risk sa a ki posib enpe.**

- Si gen yon ijans ki gen pou wè ak maladi chabon, ofisyèl Vil la ap travay avèk patnè federal yo ak patnè leta yo pou yo chèche konnen kimoun ki ekspozè.
- Si li nesèsè, Depatman Sante ap louvri Pwen Distribisyon (Points of Dispensing, PODs) yo nan vil pou bay antibyotik. Depatman Sante ap bay enstwiksyon sou kilè, ki kote ak kijan pou moun yo al pran antibyotik k ap evite yo gen maladi a.
- POD yo pa bay sèvis medikal ni tretman pou moun ki malad deja yo. **Si ou panse ou te ka ekspozè epi si ou gen nenpòt nan sentòm ki endike anwo a, chèche jwenn swen medikal touswit.**

### ***Si Minisipalite Vil la louvri Pwen Distribisyon (PODs) yo:***

- Ede anplwaye yo ak kliyan yo jwenn Antibiotic Screening Form (Fòm Evalyasyon pou Antibyotik) sou sitwèb [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health).
  - Ede ekip la ak kliyan ki ka pa gen aksè nan òdinatè ranpli ak enprime fòm yo. Ankouraje yo pote fòm ki ranpli yo pou tèt yo epi pou yo mennen apeprè senk (5) lòt moun nan POD.



- Yo dwe ranpli yon fòm pou chak moun k ap resevwa antibyotik yo, epitou pou chak timoun.
- Ede anplwaye yo ak kliyan yo jwenn POD ki pi pre a.
  - Tcheke sitwèb <http://www.nyc.gov/health>, televizyon ak radyo lokal, ak medya sosyal, oswa 311 pou jwenn POD ki pi pre a. Si anplwaye oswa kliyan ou yo p ap abite nan Vil New York, yo kapab kontakte ajans sante piblik lokal yo pou yo jwenn yon POD ki nan kominote yo.
  - Si li posib, ede lòt moun yo. Pou fè sa, ale chèche antibyotik yo pou yo. Yon moun kapab vin chèche antibyotik pou tèt li epi pou apeprè senk (5) lòt moun, tankou manm fanmi li, kamarad travay li oswa lòt moun ki lakay li.
  - Moun ki sou chèz-woulant kapab jwenn aksè fasilman nan POD yo. Ekip POD yo ap fèt tout efò ki posib pou satisfè moun ki gen bezwen espesyal.
  - **Yo P AP mande ou idantifikasyon ou nan yon POD.**
- Ankouraje anplwaye ak kliyan yo pou yo pran antibyotik yo selon enstwiksyon yo.



## SIBSTANS CHIMIK DANJERE

Sibstans chimik danjere se sibstans ki danjere. Yo kapab gen fòm solid, likid oswa gaz. Asid ak pestisid yo se egzanp sibstans chimik ki danjere. Si sibstans chimik yo degaje, yo ka lakòz moun gen tous, difikilte pou yo respire, kèplen oswa vomisman, oswa iritasyon nan nen, bouch, gòj, zye oswa po.

- Si sibstans chimik danjere a te degaje deyò, ofri bilding ou kòmabri si li posib.
- Mande moun yo pou yo retire soulye yo ak kouch rad deyò ki sou yo, epi pou yo mete soulye ak rad yo nan sache oswa bwat ki kapab fèmen. Minisipalite Vil la ap bay enstwiksyon sou fason pou elimine yo ak sou dekontaminasyon san pwoblèm.
- Fèmen fenèt yo, pòt deyò yo ak lòt ouvèti, epi etenn vantilatè yo ak sistèm chofaj/refwadisman ki pote lè ki soti deyò a. Sèlman re-sikile lè a ki deja nan bilding nan.
- Si sibstans chimik lan te degaje andedan an, kite bilding nan epi antre tèt ou ak lòt moun yo nan lè fre.
- Rele 212-POISONS (212-764-7667) oswa National Capital Poison Center (Sant Anti-Pwazon Kapital Nasyonal) nan nimewo 800-222-1222 si oumenm oswa lòt moun yo te ekspoze nan yon sibstans chimik danjere epitou si nou gen nenpòt nan sentòm ki endike anwo a. Chòk akòz yon sibstans chimik danjere depannde kalite sibstans chimik ki degaje a, kantite ki degaje ladan, kantite tan moun nan te ekspoze ladan ak kijan moun nan te ekspoze.

POU JWENN PLIS ENFÒMASYON, ALE SOU SITWÈB NOU NAN **NYC.GOV/HEALTH**  
OSWA KONTAKTE **EMERGENCYPREP@HEALTH.NYC.GOV**

